

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina Bab III dipedar ngeunaan (1) désain panalungtikan, (2) sumber data panalungtikan, (3) instrumén panalungtikan, (4) téhnik ngumpulkeun data, jeung (5) téhnik analisis data.

3.1 Désain Panalungtikan


Désain panalungtikan tangtuna dibutuhkeun pisan sangkan léngkah-léngkah panalungtikan leuwih kasusun sacara sistematis jeung prosés tina panalungtikan bisa leuwih gampang. Arikunto (2010, kc. 22-23) ngébréhkeun yén désain panalungtikan mangrupa prosés anu dijieun pikeun ngajawab jeung ngaguar masalah-masalah anu aya dina panalungtikan. Ieu hal disusun dumasar kana léngkah-léngkah: (1) nangtukeun masalah; (2) studi pendahuluan; (3) ngawatesan jeung ngarumuskeun masalah; (4) ngarumuskeun anggapan dasar; (5) nangtukeun sumber data; (6) ngarancang instrumén panalungtikan; (7) ngumpulkeun data; (8) ngolah data; (9) analisis data; (11) kacindekan; jeung (12) nyieun laporan.

Dina ieu panalungtikan, digunakeun pamarekan kualitatif kalawan metode anu digunakeun nyaéta metode déskriptif. (Fitrah & Lutfiyah, 2017, kc. 44) nétélakeun yén panalungtikan kualitatif mangrupa hiji langkah panalungtikan anu ngagunakeun data deskriptif dina wangun lisan atawa tinulis ti jalma-jalma nu bisa ditalungtik. Digunakeunna pamarekan kualitatif ku lantaran data anu digunakeun dina ieu panalungtikan mangrupa kekecapan dina wangun lisan atawa wangun tulisan.

Metode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta metode déskriptif. Anu mana panalungtik ngadéskripsikeun fakta-fakta campur kode anu ngawengku wanda jeung wujud campur kode anu aya dina ségmén “Rebo Nyunda” *youtube channel* Airani Iofifteen Channel Hololive-ID.

Dumasar kana léngkah-léngkah anu geus dipedar sateuacanna, désain panalungtikan dijieun sangkan leuwih kasusun sacara sistematis jeung prosés tina panalungtikan bisa leuwih gampang. Panalungtik ngamimitian panalungtikan ku nongton vidéo Ségmén “Rebo Nyunda” dina *youtube channel* Airani Iofifteen Channel Hololive-ID ku alat *éléktronik* saperti laptop atawa *smartphone*, tuluy

tina vidéo nu geus ditongton ditranskripkeun kana wangun tinulis, campur kode anu geus ditranskrip tuluy dipindahkeun kana kartu data digital, tuluy data campur kode dipasing-pasing dumasar kana wanda jeung wujudna, data anu geus dipasing-pasing tuluy dianalisis jeung diolah, panalungtik tuluy ngadéskrupsikeun data campur kode anu geus dianalisis, jeung panalungtik tuluy nyieun kacindekan tina hasil data anu geus ditalungtik. Dina ieu panalungtikan, désain panalungtikan disusun dumasar kana léngkah anu ditétélakeun ku Arikunto anu digambarkeun ku bagan galur saperti di handap.



Bagan 3. 1 Désain Panalungtikan

3.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Dina unggal panalungtikan tangtuna kudu aya objék anu jadi sumber panalungtikan. (Arikunto, 2010, kc. 161) nétélakeun yén data mangrupa sagala hasil catetan panalungtik, boh fakta boh angka. Ku kituna, dumasar kana judul panalungtikan, anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta campur kode anu aya dina ségmén “Rebo Nyunda” *youtube channel* Airani Iofifteen Channel Hololive-ID anu miboga 745 rébu *subscriber*. Salian ti akun Airani Iofifteen, aya ogé akun *vtuber* séjén nu ngayakeun kontén rebo nyunda saperti *youtube channel* Caerula Aki **【AKA Virtual】**, jeung *youtube channel* Riksa Dhirendra **【NIJISANJI】**. Panalungtik milih *youtube channel* Airani Iofifteen Channel Hololive-ID ku lantaran ngan Airani Iofifteen anu aktip kénéh ngayakeun kontén Rebo Nyunda nepi ka ayeuna.

Data dina ieu panalungtikan aya 8 vidéo dina ségmén “Rebo Nyunda” anu rata-rata durasi ti unggal vidéona leuwih ti 1 jam. Sangkan leuwih jéntré bisa dititénan tabél 3.1 di handap.

Tabél 3.1

Judul Vidéo dina ségmén “Rebo Nyunda” *youtube channel* Airani Iofifteen Channel Hololive-ID

No	Judul Vidéo	Waktu Diapungkeun	Durasi
1.	Selamat Hari Rabu dan Rebo Nyunda!	20/10/2021	1:11:34
2.	Rebo Nyunda Jeung Neng Yopi PART 2 ! Sasatoan (Hewan) Basa Sunda!	01/12/2021	1:23:33
3.	【Rebo Nyunda】 Hayu Diajar Aksara Sunda Sareng Néng Yopi! 【iofi / イオフィ】	29/12/2021	2:01:14
4.	【Rebo Nyunda】 KADAHARAN~ Aya Naon jeung Aci? 【iofi / イオフィ】	23/02/2022	1:11:56
5.	【Rebo Nyunda】 Mari Belajar Bahasa Sunda Bersama Teteh Yopi! 【iofi / ホロライブ】	11/05/2022	1:31:49
6.	【Rebo Nyunda】 Pamali téh naon? 【iofi / ホロライブ】	25/01/2023	1:16:57
7.	【Rebo Nyunda】 Desas Desus Kisah Horor di Tanah Sunda 【iofi / hololiveID】	10/09/2023	1:31:19

No	Judul Vidéo	Waktu Diapungkeun	Durasi
8.	【Rebo Nyunda】 Staycation Yopipi di Bandung 【iofi / hololiveID】	25/10/2023	1:25:09

3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Dina ieu panalungtikan, téhnik anu digunakeun nyaéta téhnik dokumentasi. Téhnik dokumentasi mangrupa sumber daya anu digunakeun pikeun ngalengkepan panalungtikan, boh sacara tinulis, film, gambar, jeung karya-karya monumental anu mana méré informasi pikeun panalungtik dina prosés panalungtikan (Fitrah & Lutfiyah, 2017, kc. 74). Téhnik dokumentasi digunakeun pikeun ngumpulkeun data anu ngawengku wanda jeung wujud campur kode anu aya dina ségmén “Rebo Nyunda” *youtube channel* Airani Iofifteen Channel Hololive-ID kalawan léngkah-léngkah ieu di handap:

- 1) ngumpulkeun sumber data dina wangun audio visual nyaéta vidéo ti *youtube channel* Airani Iofifteen Channel Hololive-ID;
- 2) mariksa jeung niténan data-data tina vidéo *youtube channel* Airani Iofifteen Channel Hololive-ID;
- 3) nyirian campur kode anu aya dina ségmén “Rebo Nyunda” tina wangun lisan kana wangun tulisan; jeung
- 4) nyatet campur kode nu aya dina ségmén “Rebo Nyunda” kana kartu data digital.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan mangrupa salah sahiji alat pikeun milah data nu bakal dibutuhkeun. Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 203) instrumén téh mangrupa alat bantu pikeun panalungtik dina ngumpulkeun data. Instrumén dina panalungtikan kawilang penting pisan, sabab kahontal atawa henteuna panalungtikan ditangtukeun ku instrumén anu alus nalika panalungtikan diayakeun.

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data digital. Anu mana unggal kecap-kecap anu ngandung campur kode tina vidéo anu aya dina ségmén Rebo Nyunda disalin ka kartu data digital tuluy dijéntrékeun. Sangkan leuwih jéntré, titénan kartu data digital di handap.

Tabél 3. 2 Kartu Data Digital

Kartu Data Digital	
Unsur campur kode: <i>ngabahas tentang desas-desus, kisah seram, ada, sekitaran.</i>	
Kalimah: jadi ayeuna mah Yopi badé ngabahas tentang desas-desus, kisah seram cenah mah, nu ada di sekitaran Bandung.	
(DDKHTS/100923/AICH/1)	
Wanda CK: CKKJ	
Wujud CK: CKK, CKKR, CKF	

Conto Kartu Data Digital

Katerangan:

DDKHTS	: Desas Desus Kisah Horor di Tanah Sunda
100923	: (10) tanggal, (09) bulan, (23) taun diapungkeunna
AICH	: Airani Iofifteen Channel Hololive-ID
1	: Nomer Campur Kode
CK	: Campur Kode
CKKJ	: Campur Kode ka Jero
CKK	: Campur Kode Kecap
CKKR	: Campur Kode Kecap Rajékan
CKF	: Campur Kode Frasa

Dumasar kana kartu data digital, tuluy format analisis data disusun saperti ieu di handap.

Tabél 3. 3
Unsur Campur Kode jeung Papasingan Wanda Campur Kode

Nomer Data	Data Kalimah Campur kode	Unsur Campur Kode		Wanda Campur Kode	
		BI	BA	KJ	KL
(001)	Jadi, ayeuna mah Yopi badé ngabahas tentang desas-desus, kisah seram cenah mah, nu ada di sekitaran Bandung (DDKHTS/100923/AICH/1)	✓		✓	
(002)	Jigana Yopi kudu ameng deui ka Bandung ieu mah, Bandung <i>wait for me</i> lah. (DDKHTS/100923/AICH/2)		✓		✓

Katerangan:

(001) : Nomer Data

DDKHTS	: Desas Desus Kisah Horor di Tanah Sunda
100923	: (10) tanggal, (09) bulan, (23) taun diapungkeunna
AICH	: Airani Iofifteen Channel Hololive-ID
1	: Nomer Campur Kode
BI	: Basa Indonesia
BA	: Basa Asing
KJ	: Ka Jero
KL	: Ka Luar

Tabél 3. 4
Papasingan Wujud Campur Kode

Nomer Data	Data Kalimah Campur kode	Wujud Campur Kode					
		K	F	B	I	Kla	KR
(001)	Jadi, ayeuna mah Yopi badé ngabahas tentang desas-desus, kisah seram cenah mah, nu ada di sekitaran Bandung (DDKHTS/100923/AICH/1)	✓	✓	✓		✓	
(002)	Jadi, anggep wéh ayeuna mah jiga podcast , jadi misalkan teu ditingali layarna gé teu nanaon (DDKHTS/100923/AICH/2)	✓		✓			

Keterangan:

K	: Kecap
F	: Frasa
B	: Baster
I	: Idiom
Kla	: Klausa
KR	: Kecap Rajekan

3.5 Téhnik Analisis Data

Téhnik analisis unsur langsung (*immediate constituent analysis*) digunakeun dina ieu panalungtikan. Analisis unsur langsung nurutkeun Hockett (dina Sudaryat, 2004, kc. 32) mangrupa analisis anu niténan unsur-unsur basa anu langsung ngawangun unsur saluhureunana. Ieu téhnik digunakeun pikeun nganalisis wanda jeung wujud anu aya dina ségmén “Rebo Nyunda” *youtube channel* Airani Iofifteen Channel Hololive-ID. Anapon léngkah-léngkah anu bakal dilaksanakeun di antarana:

- 1) nongton vidéo anu dijadikeun objék panalungtikan dina *youtube channel* Airani Iofifteen Channel Hololive-ID;
- 2) niténan deui data anu geus dikumpulkeun;
- 3) nganalisis data campur kode nu aya dina ségmén “Rebo Nyunda” *youtube channel* Airani Iofifteen Channel Hololive-ID;

- 4) nyieun papasingan data dumasar kana wanda campur kode;
- 5) nyieun papasingan data dumasar kana wujud campur kode;
- 6) ngadéskripsikeun campur kode; jeung
- 7) nyieun tafsiran jeung kacindekan tina hasil ngolah data.